

# Plis pase Mwen

## Aprantisaj osijè lòt moun

“Mwen kontan. Men poukisa ou parèt tris?” Li difisil pou imajine kijan lòt moun santi yo. Men se yon aptitud ke timoun bezwen pou yo jwe ansanm ak lòt timoun e pou yo fè zanmi.

### Nosyon Debaz

Depi lè yo tibebe, jèn timoun bezwen santi ke grannoun kap okipe yo a renmen yo – tankou oumenm! Yo pa ka aprann pou yo konprann ak bay lòt moun enpòtans, si yo santi moun pa konprann ni ba yo enpòtans tou.

Timoun remake leplisouvan ke yon lòt moun gen yon gwo emosyon. Yo wè lòt timoun ap kriye e yo mande tèt yo poukisa. Epi yo gendwa vle jwenn yon fason pou yo ede, men yo pa konnen kijan.

Li pi difisil pou devine emosyon lòt moun pase pou devine emosyon pa w yo. Li pran tan pou jèn timoun yo devlope aptitud sa a. Men se yon etap ki enpòtan pou pèmèt yo byen travay ak jwe ansanm ak lòt moun.

### Nòt:

Ou ka jwenn founiti ki souliyen yo nan kit ou a.

### Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen Laj 2 jiska 5 lane

#### Kisa vizaj sa a vle di?

- Chwazi yon emosyon nan tablo vizaj la, men pa di pitit ou a kisa ou chwazi. Fè vizaj la epi fè pitit ou a devine ki emosyon li ye. Bay endis. “Yay! Mwen te ale nan pak la jodiya!” Chwazi yon lòt emosyon epi eseye ankò.
- Ni oumenm ni pitit ou a, nou chak pran yon asyèt plastik. Sèvi ak patamodle pou nou fè vizaj nan asyèt nou yo. Youn apre lòt, devine emosyon pou chak vizaj ak kisa ki gendwa lakoz emosyon sa yo. “Pa w la gen yon vizaj ki sezi! Èske I te wè yon chyen kap vole?” “Pa m nan gen yon vizaj ki tris. Kisa w panse ki fè l tris?”

### Ann Kòmanse

Li konplike pou wap panse ak emosyon lòt moun epi pou konnen kijan pou reyaji avèk konpasyon parapò avèk yo. Bay pitit ou a egzanp pou aptitud sa yo. “Mwen ka wè ke ou pè. Map kenbe men w pou mwen ede w santi w mye.” Pale osijè emosyon lòt yo ak kijan ou gendwa ede. “Li tris paske krèm alaglas li a sot tonbe atè a. Mwen pral chèche yon lòt pou li.” Pran pasyans pandan pitit ou a ap aprann pou li panse a lòt moun.



Plis!



# Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen

## Laj 2 jiska 5 lane

### Jwèt imitasyon

- Fè imitasyon ansanm ak ptit ou a ak maryonèt yo. "Kochon an santi I malad. Kisa nou ka fè pou nou fè I santi I mye?" Jwe jwèt imitasyon pou nou ede maryonèt la santi I mye. Envante lòt istwa ki montre konpasyon. "Li lè pou Kana a al dòmi. Kijan nou ka ede I prepare l?!"
- "Ann fè tankou maryonèt la se pwofesè a. Èske w ta renmen se ou ki pou pwofesè a?" Ankouraje ptit ou a imite yon moun kap pran swen lòt moun, tankou yon bebisitè, yon doktè oswa yon ponpye.



### Se pou ou!

- Mande ptit ou a itilize penti pou dwèt pou li fè yon penti pou yon moun li renmen. Mande, "Pou kimoun wap fè penti sa a? Ki koulè ou panse yo gendwa renmen?" Ede ptit ou a ajoute kèk mo nan penti an. Apresa, mete li nan lapòs la oswa fè yon foto epi voye l ale pa imèl oswa pa mesaj tèks.



## Entèraksyon Toulejou

Nan lè repa, pale sou bagay chak  
moun renmen ak sou sa yo pa renmen.  
"Ou renmen bwokoli. Men sè w la pa  
renmen bwokoli. Èske w panse  
tonton w lan renmen l?"

Mete aksan sou emosyon moun oswa  
sou emosyon bêt yo genyen nan liv  
wap li a. Apresa, pale sou kijan yon  
lòt moun nan istwa a reyaji parapò  
ak emosyon sa yo.

## Bay Egzanp, Obsève, Pratike

**"Sè w la ap kriye paske  
li tonbe. Map ba li yon  
akolad pou ede li  
santi I mye."**

Bay egzanp konpòtman  
ki montre konpasyon.  
Ptit ou a kòmanse  
demontre konpòtman ki  
montre konpasyon lè li  
imité sa ou fè.

**"Wap karese lous  
anpelich ou a byen  
dousman! Kijan lous  
ou a santi l?"**

Remake lè ptit ou a ap  
montre konpasyon vizavi  
lòt moun - menm bêt  
anpelich yo!

**"Frè w la fache paske  
ou te pran bonbon I lan.  
Tanpri remèt li l. Ou ka  
mande pou yo ba ou  
pwòp bonbon pa w."**

Timoun bezwen fè praktik  
pou yo fè bon chwa ki  
fonksyone pou ni yo  
menm ni pou lòt moun.